

Patient Nondiscrimination in Health Care Services

Affordable Care Act Section 1557

Lalwa Entèdi Fè Diskriminasyon

AdventHealth respekte lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen sèks (annakò avèk domèn diskriminasyon seksyèl ki dekri nan 45 CFR § 92.101(a)(2)) AdventHealth pa rejte moun ni li pa trete yo yon fason mwens favorab poutèt ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. AdventHealth:

- Bay moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ansanm ak èd e sèvis siplemantè apwopriye gratis pou yo ka kominike byen avèk nou, tankou:
 - o Entèprèt kalifye pou lang siy
 - o Enfòmasyon alekri nan lòt fòm (gwo lèt, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm).
- Ofri sèvis èd pou lang gratis pou moun lang prensipal yo pa Anglè, ki ka gen ladan:
 - o Entèprèt kalifye
 - o Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd ak sèvis siplemantè ki apwopriye, oswa sèvis èd pou lang, kontakte Section 1557 Coordinator.

Si w panse AdventHealth pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks, ou gendwa fè yon doleyans bò kote: Section 1557 Coordinator, 1-800-611-4208 (TTY: 711), PatientNondiscrimination@AdventHealth.com. Ou ka fè yon doleyans an pèsòn, oswa nan lèt pa lapòs, faks, oswa nan imèl. Si w bezwen èd pou prezante yon doleyans, Section 1557 Coordinator disponib pou ede w.

Ou kapab depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil tou pa mwayen elektwonik nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, nan Pòtay Biwo pou Dwa Sivil la gen sou Entènèt pou pote Plent, ki disponib nan lyen sa a <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nan lèt pa lapòs osinon nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan lyen sa a <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.
Avi sa a disponib sou sit entènèt AdventHealth's: <https://www.adventhealth.com/legal/patient-nondiscrimination>.

